# "QAZAQ ROMANSIADA"

***Kamalova Gúlmaryam Maqsetdullaevna, Pirnazarov Begis Ikram ulı***
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı, "Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánleri kafedirası", "Kórkem ónertanıw" qánigeligi.*

**Annotaciya**: Bul maqalada hár jılı bolıp ótetuǵın "Qazaq romansiada" xalıq aralıq kórip tańlawınıń usı jılı qalay ótkerilgenligi, hár bir basqıshı, atqarılıwı kerek bolǵan romaslar hám olardıń avtorları haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Jarısta jeńilpaz bolǵan vokal atqarıwshıları hám sıylı 3-orındı iyelegen Sobirjonov Akobirjonnıń kórik tawlaw haqqında óziniń jıllı pikirleri kórsetilgen.

**Tayanısh túsinikler**: Kórkem óner, muzika, romans, vokal, qosıq, kórik tańlaw

**Аннотация:** В данной статье представлена информация о том, как в этом году проходил ежегодный международный хоровой конкурс «Казахский романс», о каждом участнике, исполненных романсах и их авторах. Вокальные исполнители, победившие в конкурсе, и Собиржанов Акобирджо, занявший 3-е место, тепло отзываются о музыкальном конкурсе.

**Базовые понятия:** искусство, музыка, романс, вокал, конкурс.

**Abstract:** This article provides information about how the annual international choral competition "Kazakh Romance" was held this year, about each participant, the performed romances and their authors. Vocal performers who won the competition and Sobirzhanov Akobirdzho, who took 3rd place, speak warmly about the music competition.

**Basic concepts:** art, music, romance, vocals, competition.

2018-jılı YUNESKO xalıq aralıq shólkeminiń diziminen ótkerilgen, uzaq jıllardan berli bolıp ótetuǵın "Qazaq romansiada" xalıq aralıq kórik tańlawı Orta Aziya hám kóplegen mámleketlerdegi jas vokal atqarıwshılarınıń itibarın ózine tartıp kelmekte. Tańlawdıń ótkizilip keliniwiniń sebebi mámleketler ara mádeniy hám insanıy baylanıslardı bekkemlew, Orta Aziya mámleketleri tiykarınan qazaq kompozitorlarınıń jazǵan shıǵarmaların dunyaǵa tanıtıw bolıp tabıladı. Bul kórik tańlaw klassik hám zamanagóy kompozitorlardıń shıǵarmaların joqarı dárejede atqaratuǵın qábilyetli vokal atqarıwshılardı óz ishine alıp, úlken saxnalarǵa bolǵan birinshi qádem bolıp esaplanadı. 2024-jıldıń 15-noyabr kúni bul jarıstıń XXVI-máwsimi Qazaqstan Respublikasınıń Turkistan qalasında ótkerildi. Sol kúni qatnasıwshılardı kútip alıw hám shek taslaw máresimi bolıp ótdi. Jámi tańlawda 6 mámleketlerden 55 dana qábilyetli vokal atqarıwshıları qatnastı. Tańlaw 3 basqıshtan ibarat bolıp hámme basqıshlar 16-noyabr kúni bolıp ótdi. Birinshi basqıshda arqarıwshılardan talap etiletuǵın nárse XIX-XX-ásir rus klassik kompozitorları:

A.Gurilev, A.Varlamov, P.Bulaxov, M.Glinka, A.Dargomijskiy, M.Balakirev, P.Chaykovskiy, S.Taneev, S.Raxmaninov, C.Kui, A.Grechaninov, E.Napravnik, R.Vasilenko, D.Shostakovich, S.Prokofev romanslarınan atqarılıwı kerek. Ekinshi basqıshqa atqarıwshılardıń tek ǵana yarımınan az bólegi ótkizilip, XIX-XX-ásir rus kompozitorları: L.Malashkin, V.Abaz, N.Shishkin, Ya.Prigojiy, S.Pokrass, B.Prozorovskiy, Yu.Xayit, V.Fomin hám taǵı basqa zamanagóy kompozitorlardıń romansları atqarılıwı kerek. Úshinshi basqıshta bolsa qatnasıwshılar qazaq kompozitorlarınıń romanslarınan atqarıp óz ara bellesedi. Atqarıwshılardıń keyingi turǵa otiwin, jeńilpazlardı hám gala koncert qatnasıwshıların júriyler baslıǵı, Rossiya federatciyasında xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, Rossiyada xızmet kórsetken artist, xalıq aralıq kórkem óneri orayınıń Moskvadaǵı direktorı, professor G.S.Preobrajenskaya anıqlap berdi. Tańlawda 17 jastan 27 jasqa shekem bolǵan vokal atqarıwshılar qatnasdı. Bul jarısta Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Akademik qosıqshılıq hám opera tayyarlawı bóliminde 4-kursda oqıp atırǵan Sobirjonov Akobirjon da qatsasıp sıylı 3 orındı iyeledi hám 80 mıń teńge menen sıylıqlandı. Ol birinshi basqıshta rus klassik kompozitorı A.Dargomijskiydiń “Ночной зефир” romansın, ekinshi basqıshda bolsa zamanagóy rus kompozitorı N.Shishkinnıń “Ночь светла” atlı romansın, úshinshi basqıshda qazaq kompozitorı C.Muxammedjanovdıń “Jarq etpes” romansın joqarı dárejede atqardı. Jeńiske erisip qaytqan Sobirjonov Akobirjon menen sáwbetleskenimizde bul xalıq aralıq kórik tańlaw haqqında óziniń tómendegishe jıllı pikirlerin aytıp ótdi:

-“Tańlaw júda kóterińki keypiyatda ótdi. Men bul tańlawda kóplegen basqa mámleketlerden kelgen túrli millet wákilleri menen tanısdım hám olar menen birge tájribe almasdım. Sol orında aytıp ótiwim kerek men tańlawdı ótkiziwshi shólkem aǵzalarınan, Turkistan xalqınıń miymandoslıǵınan júda quwanıshlıman hám olarǵa ózimniń minnedarshılıǵımdı bildirib qalaman. Bul tańlawda orın alaman dep oylamaǵan edim, sebebi bul jarısqa kóbinshe konservatoriya pitiriwshileri, magistrlar, opera teatrları solistleri hám professional opera atqarıwshıları jám boladı hám bunday atmosferada adam ózin azmaz qolaysız seziwi múmkin. Sonday bolsa da birinchi basqıshda bar qábilyetimdi iske saldım. Tańlawda sheshiwshi basqısh birinshi basqısh bolıp esaplanadı. Sebebi kópshilik qatnasıwshılar birinshi basqıshdıń ózideyaq jıǵılatın edi. Sabırsızlıq penen nátijelerdi kutdim hám ekinshi basqıshqa ótgenligim haqqında xabar keldi. Sol waqıtda bunan ya quwanıwımdı ya qapa bolıwımdı da bilmey qaldım. Ekinshi basqıshqa start berildi hám men ózime bolgan isenimim jane arta baslaǵanlıǵı sebepli onsha kóp albırawshılıp baspadı. Romansdı aqtarıp bolǵanan soń jane natijelerdi kúte basladım, birinshi basqıshda 55 vokal atqarıwshıları qatnasqan bolsa ekinshi basqıshqa 22 qatnasıwshı, úshinshi basqıshqa bolsa 11 qatnasıwshı ótdi hám bul 11 qatnashıwshılardıń ishinde men de bar edim. Úshinshi basqıshda maǵan ustazım Abat Qalliyevden alǵan bilimlerim qol keldi. Ustazım hár dayım qosıqshı

atqarıp atırǵan shıǵarmanı tıńlawshınıń kewline jetkize alsa ózi kútgen natiyjege erisedi deydi. Juwmaqlap aytatın bolsam romans men ushın kewildegi sezimlerdiń muzıka arqalı ańlatpası bolıp tabıladı, kimdir onda óziniń muxabbatın jazsa kimdir qayǵı sezimlerin, quwanıshın muzıkaǵa saladı. Insannıń eń jaqsı sezimlerden jaralǵan romanslar tıńlawshı kewlinen jay almay qalmaydı...”

Sobirjonov Akobirjonnıń aytıp beriwine qaraǵanda tańlaw jaqsı keypiyatda hám joqarı dárejede ótdi dep ayta alamız. Jarıs jeńilpazların shın júrekten qutlıqlap, hám keleshektegi dóretiwshilik jumıslarına áwmet tilep qalamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 3. – С. 270-273.
2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 55-59.
5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 60-66.
6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.
7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 875-879.
8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 1. – С. 26-30.
9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 52-54.
10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 123-126.
11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS “JETI ASIRIM” //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 117-122.
12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – №. 1. – С. 40-42.
13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – №. 2. – С. 85-87.